



# AMAZING GRACE MINISTRIES OF PBC, INC

4300 S Jog Road, Greenacres FL 33454  
Unit 541586  
[AmazingGraceMinistriesPBC@gmail.com](mailto:AmazingGraceMinistriesPBC@gmail.com)

Saturday, April 13, 2024

Dear Pastor,

As you may know, Haiti is going through a difficult time. Our very existence is on the line. Religious institutions such as Première Eglise Baptiste de Port-au-Prince (188 years old) - a historical landmark - have come under attack. This illustrate how far gangs of ragtag would go to terrorize the population and deny them food, health, education, and even a place to worship God.

This act shows us the type of battle we are facing in Haiti. We are facing Goliath who is ever disrespectful towards our God. It is then a spiritual battle to root out the evil that has held Haiti hostage for so long.

The church cannot continue to operate as if everything was normal. We face an urgency to act appropriately and accordingly.

Amazing Grace Ministries believe that the church needs to implore God to change Haitian hearts for peace and prosperity. We have to be willing to answer our calling to reach out our hands and grab the snake by its tail (Exodus 4:4).

Last January, we presented a plan to build a network of churches to pray and act in three phases:

Phase I. - Agonizing Intercession: Constant prayers and Consecration. We believe soldiers do not engage in battle until and unless they receive specific instruction from their commanders. We will start fasting on historical dates, beginning on April 26. Attached is the calendar of activities.

Phase II. – Equip the church to meet emerging needs.

Phase III. – Turn the church into engine of development with deliberate actions for transformation and progress.

We hope you will join us. For information and details, please call us at 561-252-3735 or email us at [amazinggraceministriesPBC@gmail.com](mailto:amazinggraceministriesPBC@gmail.com)

  
Dr. Ralph Cheriza  
561-252-3735

# AMAZING GRACE MINISTRIES OF PBC, INC

## Spiritual Revival to Get Haiti Back up.

### Phase 1 – Agonizing Intercession: Constant prayers and Consecration The Prayer Requests

1. Raise an army of prayer warriors interceding for Haiti (Zechariah 10: 5-12, Matthew 9:38, Romans 8:26-27, Ephesians 6: 10, 18, Philippians 4:6, 2 Thessalonians 3:1)
2. Provide for responsible leadership that works in unity with humility to honor each other with a compelling vision to lead out of the wilderness (Exodus 18:21, Nehemiah 4: 14, Proverbs 11:14, 16:12, 29:12, Matthew 20:26, Mark 10:42-45, Ephesians 5:21, Philippians 2:3, 4, 2 Timothy 4:2, Titus 1:7-14, Hebrews 13:7, 1 Peter 5:1-5)
3. Forgive our national trespasses: pride, envy, jealousy, evil, wickedness, witchcraft, idolatry, and crimes . . . Have mercy upon us. (Psalms 103:10-13, Matthew 7:5, John 16:9-11, Galatians 5:19-23, 1 Peter 3:8-12, 1 John 1:9)
4. Equip your church against the forces of evil holding our country hostage (Luke 10:19, Acts 26:16-18, Romans 1:16-17, 13:11-14, Ephesians 6:10-20, Colossians 1:13-14, James 4:7-10, 1 Peter 2:1-25, 5:6-10)
5. Give us a clean heart to love, honor, and respect our fellow Haitians (Psalms 51:10, Ezekiel 36:26-27, Romans 12:9-13, Galatians 5:13-14, 6:2, Philippians 2:5-11, 1 Peter 2:17)
6. Give us the wisdom to take concrete actions for transformation (Nehemiah 2:18, Proverbs 9:10, 11:14, Isaiah 1:17, Galatians 6:2,9, Colossians 4:2-3)
7. Give us peace, understanding, hope, and a future (Job 12: 23-24, Jeremiah 29:7, 11, John 14:27, 1 Timothy 2:1-2)

### Calendar of Activities

Date	Historic Moment	Activity
April 7	Toussaint L'Ouverture's death (1803)	Video message
April 26	Fort Dimanche double massacre (1963, 1986)	Fasting Service
May 18	Haitian Flag (1803)	Fasting Service
June 15-16	Massacre of President Fignole's supporters (1957)	Fasting Service (June 15)
July 28	US Invasion (1915)	Conference: A New Church for a New Haiti
August 14	Bois Caiman Ceremony (1791)	Midnight Cry
September 29	Coup d'etat against President Aristide (1991)	Fasting Service
October 2-8	Massacre of Haitian in Dominican Republic (1937)	Fasting Service (Oct. 5)
November 29	Electoral Massacre at Ruelle Vaillant (1987)	Fasting Service
December 5	Christopher Columbus landed in Haiti (1492)	Video message

### Suggestion:

- Refrain from using social media or listening to news media.
- Hold a special prayer of consecration the night before the fasting service.
- Lead your congregation into a special prayer for God to change Haitian's hearts for peace and prosperity the Sunday after the fasting.



# AMAZING GRACE MINISTRIES OF PBC, INC

4300 S Jog Road, Greenacres FL 33454  
Unit 541586  
AmazingGraceMinistriesPBC@gmail.com

Lendi 8 avril 2024

Sèvitè ak sèvant Bondye tou pwisan an,

Zak malonèt ak kriminèl ki pase nan Première Eglise Baptiste de Port-au-Prince la montre aklè radiyès fòs fè nwa yo ki pa ezite kenbe tout on peyi an otaj e anpeche malere jwenn on mòso pen pou yo manje osnon jwenn la sante ale wè pen lenstriksyon.

**Radiyès sa a montre aklè nan ki kalite batay nou ye.** Nou an fas on Goliath kap derespekte Bondye nou an e anpeche n adore l. Nou nan on batay spirityèl pou dechouke move lawon ki mare peyi a pou anpeche l avanse.

Devan radiyès ak mechanste fòs fè nwa yo, devan degringolad soyete a, **legliz pa ka kontinye fonksyone tankou si tout bagay te nòmal.** Gen on ijans pou aksyon san pa sa nou tout ap peri.

Amazing Grace Ministries kwè legliz bezwen envoe Bondye pou chanje kè lòm Ayisyen. Men tou, nou dwe reponn ak enstriksyon Bondye te bay Moise la, poun brave danje, pran koulèv la nan ke l (Egzòd 4 :4) e pase a laksyon. Nou kwè legliz ka pran manda Moise la pou pase nan dezè a, travèse lanmè wouj la ak asirans Bondye ap gide nou. Nou ka fè travay Nehemie an e rebati yon Ayiti tou nèf pou Ayisyen jwenn on vrè souf. Sa pap fasil e lap pran tan. Men nou pa ka ret bra kwaze devan detrès on pèp ki twomatize e san sekou.


Pou sa, nou pwopoze on plan an twa etap.

Nan on premye tan, nou mande legliz ak kretyen yo lage yo nan lapriyè ak konsekrasyon pou Bondye ka itilize yo. Nou fè sa paske nou kwè **sòlda pa antre nan batay san lòd chèf li.** Nap kòmanse jèn sa yo 26 avril kap vini an, dat doub masak Fò Dimanch e nan chak dat istorik yo. Nou atache kalandriye a ak lèt sa a.

Nan on dezyèm tan, nou vle kite le Sentespri gide n pou ekipe legliz yo pou fè fas ak ijans moman an. E nan twazyèm tan nou vle Bondye transfòme legliz yo an motè devlopman pou entè-veni nan 7 sektè pou yon Ayiti pi bèl e pi djanm. Sonje, lidèship s'on pelerinaj transfòmasyon ou kòmanse ak tèt ou anvan w al sou lòt moun. Ann kite Sentespri travay ak nou.

Nap gen on mesaj video pou tout kretyen Ayisyen, tout konbatan la priyè semèn pwochèn nan pou n mobilize yo pou aksyon.

Nou ta swete ministè w la mete l disponib pou inisyativ sa a. pou detay ak enfèmasyon, rele n nan 561-252-3735 osnon ekri nou nan [amazinggraceministriesPBC@gmail.com](mailto:amazinggraceministriesPBC@gmail.com).

  
Dr. Ralph Cheriza  
561-252-3735

# AMAZING GRACE MINISTRIES OF PBC, INC

## Mouvman Revèy Spirityèl pou Leve Ayiti

### Faz 1 – Entèsesyon angwasant: Priyè ak konsekrasyon

Rekèt yo:

1. Ba nou ase moun kap priye pou Ayiti (Zakari 10 : 5-12, Matye 9 :38, Romen 8 :26-27, Efezyen 6 : 10, 18, Filipyen 4 :6, 2 Tesalonisyen 3 :1)
2. Ba nou on lidèship responsab ki travay nan inite, ak imilite pou onore youn lòt ak on vizyon demen miyò pou n soti nan dezè a (Egzòd 18 :21, Neyemi 4 :14, Pwovèb 11 :14, 16 :12, 29 :12, Matye 20 :26, Mak 10 :42-45, Efezyen 5 :21, Filipyen 2 :3, 4, 2 Timote 4 :2, Tit 1 :7-14, Ebre 13 :7, 1 Pyè 5 : 1-5)
3. Padone peche nou yo kòm pèp: ògèy, anvi, jalouzi, mechanste, malveyans, sòsèlri, idolatri, ak krim. Pa kite nou peri pou yo. (Ps. 103 :10-13, Matye 7 :5, Jan 16 :9-11, Galat 5 :19-23, 1 Pyè 3 :8-12, 1 Jean 1 :9)
4. Ede legliz ou kanpe djanm pou kwape tout fòs fè nwa ki anpeche Ayiti avanse (Lik 10 :19, Ak 26 :16-18, Romen 1 :16-17, 13 :11-14, Efezyen 6 :10-20, Kolosyen 1 :13-14, Jak 4 :7-10, 1 Pyè 2 :1-25, 5 :6-10)
5. Ba nou on kè tou nèf e pi, yon espri byen dispoze pou n renmen, onore, sipòte, e respekte lòt ayisyen parèy nou ((Ps 51 :10, Ezechiel 36 :26-27, Romen 12 : 9-13, Gal 5 :13-14, 6 :2, Filipyen 2 : 5-11, 1 Pyè 2 : 17)
6. Ba nou sajès pou n ka wè ki aksyon ou vle nou pran pou bati miray spirityèl ki pwoteje pèp Ayisyen an e chanje la vi frè ak sè nou yo ki nan detrè (Nehemie 2 :18, Pwovèb 9 :10, 11 :14, Ezayi 1 :17, Galat 6 :2,9, Kolosyen 4 :2-3)
7. Ban nou la pè, bon konprann, espwa ak on demen miyò (Job 12 : 23-24, Jeremi 29 :7, 11, Jean 14 :27, 1 Timote 2 :1-2)

### Kalandriye Aktivite yo

Dat	Moman istorik	Aktivite
7 Avril	Lanmò Toussaint L'Ouverture (1803)	Mesaj pou Kretyen Ayisyen yo
26 Avril	Doub masak Fò Dimanch (1963, 1986)	Jèn la priyè
18 Me	Fèt drapo (1803)	Jen la priyè
15-16 Jen	Masak patizan Fiyole (1957)	Jen ak la priyè (15 Jen)
28 Jiyèt	Entèvansyon Amerikèn (1915)	Konferans deba : Yon lòt Legliz pou yon lòt Ayiti
14 Out	Seremoni bwa kayiman (1791)	Kri minwi
29 Septanm	Kou deta kont Prezidan Aristide (1991)	Jèn la priyè
2-8 Oktòb	Masak Ayisyen Sen Domeng (1937)	Jèn la priyè (5 Oktòb)
29 Novanm	Masak riyèl vayan (1987)	Jèn la priyè
5 Desanm	Kristòf Kolon Debake Ispagnola (1492)	Mesaj Video pou Kretyen Ayisyen yo

### Kondisyon yo:

- 7 jou anvan chak jèn yo, pa al sou medya sosyal osnon fè nouvèl.
- Fè on priyè konsekrasyon anvan jèn nan pou prepare kè w
- Dimanch aprè jèn nan fè on priyè spesyal nan legliz mande Bondye chanje kè lòm Ayisyen pou la pè ak pwosperite